



Pou Piblikasyon Imedya: 15/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AP BAY YON APÈSI AJENDA 2021 AN EPI PIBLIYE AJENDA  
KONPLÈ A: RE-IMAJINE | REBATI | RENOUVLE**

*Liv Diskou Eta Leta 2021 an Disponib [la a](#)*

***Ajenda Gouvènè a konsantre sou bat COVID-19 epi re-ouvè eta a san danje; redemare ekonomi an; kreye yon eta pi jis; mennen devlopman ekonomi enèji vèt la; epi bati ak ranfòse enfrastrikti eta a***

***Pami pwopozisyon yo gen pi gran pwogram van tè nan nasyon an; senk enstalasyon pòtyè ki rezève pou fè New York vin yon pwisans entènasyonal nan fabrikasyon enèji ewolyen; konstriksyon yon otowout transmisyon enèji vèt; kreyasyon yon nouvo kò sante piblik ki gen 1,000 moun ladan; re-ouvèti san danje biznis yo ak retou lèza; legalizasyon marijàn pou itilizasyon granmoun ak paryaj sou espò sou entènèt; premye entènèt bon mache pou tout moun nan nasyon an; elajisman vòt bonè; ak yon plan enfrastrikti 306 milya dola - pi gran an nan nasyon an - pou modènize ayewopò yo ak enfrastrikti transpò a epi rebati katye Midtown West Manhattan nan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwogram 2021 li a - Re-imagjine | Rebati | Renouvle - ki prezante plizyè pwopozisyon lidè onivo nasyonal pou pa sèlman gen viktwa sou COVID-19 la, men tou pou atake pwoblèm enpòtan New York ak peyi a ap fè fas yo, sa gen ladan relanse retablisman ekonomik New York la; kreye yon eta ki pi ekkitab, pi jis; re-ouvri eta a; tounen yon lidè nan devlopman ekonomi enèji ekolojik; ak rebati epi ranfòse enfrastrikti New York yo. Pami pwopozisyon yo gen legalizasyon marijàn pou itilizasyon granmoun ak paryaj sou espò sou entènèt; premye entènèt bon mache pou tout moun nan nasyon an; retou san danje lèza avèk espektak ak aktivite tanporè; pi gran pwogram van tè nan nasyon an; senk enstalasyon pòtyè ki rezève pou fè New York vin yon pwisans entènasyonal nan fabrikasyon enèji ewolyen; konstriksyon yon otowout transmisyon enèji vèt epi; pi gran plan enfrastrikti nan nasyon an pou modènize ayewopò yo ak enfrastrikti transpò a nan eta a, sa gen ladan yon nouvo tèminal otobis pou Otorite Pòtyè a (Port Authority), ak rekonstriksyon katye Midtown West Manhattan nan.

"Gen moman nan lavi ki kapab chanje yon moun nan baz li - pafwa pou pi bon, pafwa pou pi mal. Menm jan an, gen epizòd nan listwa ki transfòme sosyete a epi COVID la se youn nan moman sa yo. Nou wè risk ak danje, men nou wè tou pwomès ak potansyèl moman sa a". **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ane k ap vini an, nou pral wè ekonomi yo

k ap reyaliyen ak redefini nan monn lan epi New York pral trase chemen an. Nan yon moman kote yon ensekirite nuizib kapab oubyen limite potansyèl ou oswa bay pase enèji pou ijans, nesese, ak inovasyon. Nou konnen nan ki direksyon nou prale - se deviz eta nou an, Excelsior- toujou pi wo."

**Gouvènè Cuomo te kontinye**, "New York san parèy - ADN nou san parèy, tanperaman nou san parèy. Sa COVID te fè nou, li san parèy, e jan nou te reyaji devan COVID la pa gen parèy. Akonplisman sa a ba nou konfyans. Nou konnen sa nou gen pou fè e n ap fè li. N ap genyen gè COVID la e n ap pran lesou nan eksperyans la. Apre gè a, rekonstriksyon ap kòmanse. Se lè sa a pwogrè ap fèt. Fò nou kòmanse rekonstriksyon nou an apre gè COVID la kounye a. Nou kapab e n ap rebati yon New York ki pi bon ak pi solid. Nou fè li pandan tout listwa, nou te fè li lane pase, e n ap fè li ankò. Se eritaj nou."

## PWEN ENPÒTAN SOU RE-IMAJINE | REBATI | RENOUVLE 2021 AN

### *BAT COVID-19, REDEMARE EKONOMI AN, AK KREYE YON ETA PI JIS*

**Adopte Lwa sou Apwovizyòman Medikal:** Etazini te mal prepare pou yon pandemi global lè li te antre sou kòt nou yo nan ane 2020 an. Nan kòmansman kriz COVID-19 la, Eta New York, ansanm ak rès peyi a, te fè fas ak gwo mank Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) debaz, sa ki te lakòz pwofesyonèl swen sante premye liy nou yo vilnerab pou pran maladi a ke nou te vrèman bezwen pou yo konbat la. Pou asire lopital yo te gen apwovizyòman nesese pou pwoteje pasyan ak travayè yo, New York te oblije fè konkirans ak lòt peyi — epi menm ak eta yo — pou sekirize pwodui enpòtan yo depi aletranje.

Pou ankouraje fabrikasyon lokal ekipman medikal enpòtan yo ak pou redui depandans sou pwodui aletranje yo, Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou New York adopte Lwa sou Apwovizyòman Medikal la pou priyorize acha PPE ak founiti medikal Etazini fabrike. Piske Lwa Acha Ameriken (Buy American Act) an, ki te vin pèmanan ane pase a, te fèt pou fè ak asye estriktirèl Ameriken fabrike, nouvo règleman sa a pral ede kreye ak kenbe travay lokal pandan l ap garanti sante ak fyabilite yon sektè enpòtan pou plizyè ane alavni.

**Lejislasyon Konplè sou Telesante:** Pandemi COVID-19 la dekouvri inegalite yo nan sistèm swen sante nou an e li te montre ke telesante se yon zouti enpòtan pou elaji aksè ak diminye depans pou kominote ki gen revni fèb yo, espesyalman pou sipò sante konpòtmantal. Pandan kriz la, Gouvènè a te pran mezi egzekisyon pou elaji aksè ak swen adistans. Pwopozisyon sa yo kodifye ak bati sou refòm ki reyisi sa yo.

An patenarya avèk Komisyon Re-imaginer New York la, Gouvènè a pral adopte yon refòm telesante konplè pou ede Nouyòkè yo pran avantaj de zouti telesante yo epi adrese blokaj ki deja egziste yo. Refòm sa yo pral adrese pwoblèm kle tankou ajisteman ranbousman ankourajan pou ankouraje telesante, elimine entèdiksyon reglemantè ki demode yo nan distribisyon telesante a, retire egzijans pou lokal ki

demode yo, adrese malèz teknik nan mitan alafwa pasyan yo ak founisè yo atravè pwogram fòmasyon, ak etabli lòt pwogram pou ankouraje itilizasyon inovatè telesante a.

**Garanti Jistis Sosyal ak Rasyal pou Efò Vaksinasyon:** Pou garanti vaksen an distribiye yon fason ekitab, espesyalman nan kominote koulè yo, Gouvènè Cuomo te kreye Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York. Kòm gwoup k ap dirije li se, Sekretè Eta Rossana Rosado, Pwokirè Jeneral Letitia James, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Lig Iben Nasyonal Marc Morial, ak Prezidan ak Direktè Jeneral Egzekitif Healthfirst Pat Wang, Gwoup Travay sou Ekite Gouvènè a pral ede nan simonte baryè ki egziste pou vaksinasyon ak ogmante aksè ak vaksen nan kominote Nwa, Ispanik, Azyatik, Ameriken Natif Natal, riral, pòv ak lojman piblik, ansanm ak lòt mank nan zafè swen sante.

Pou sipòte deplwaman vaksen an, Gouvènè a te mande Gwoup Travay la pou bati konfyans ak rekonèt inegalite estriktirèl anvayisant ki te kontribiye nan disparite sante ak sosyal ki egziste yo, abòde pwoblèm aksè ak lang, garanti pwoteksyon vi prive ak konfidansyalite, epi devlope efò sansibilizasyon ak angajman kominote yo ki rejonan, adapte ak kilti ak reprezantatif tout kominote yo. Pandan disponibilite vaksen an ap ogmante bò kote gouvènman federal la, Eta a pral etabli patenarya avèk antite ak lokalite prive yo, klinik piblik yo pou atenn kominote ki vilnerab ak defavorize yo.

**Kò Sante Piblik Eta New York:** Pandan y ap travay pou fè New York tounen premye eta ki sekirite pa rapò ak COVID-19 la nan peyi a atravè vaksinasyon jeneral, nou dwe prepare nou tou pou kriz sante piblik alavni yo. Pou sipòte gwo efò New York ap fè pou vaksinen apeperè 20 milyon Nouyòkè ak sipòte lòt entèvansyon dijans sante piblik, Gouvènè Cuomo ap pwopoze lanse premye kò sante piblik nan peyi a. Nan kad efò a, gen jiska 1,000 manm ki pral rekrute pou ede nan operasyon vaksinasyon an. Manm sa yo ap gen ladan elèv ki nan pwogram sante piblik nan nivo lisans ak metriz, lekòl enfimyè ak lekòl medikal, elèv ki fèk gradye, pwofesyonèl medikal ki nan retrèt, ak nouvo moun k ap resewa yon pwogram fòmasyon sante piblik entansif ke Cornell University prepare. Bloomberg Philanthropies, Northwell, ak Depatman Sante nou an pral jere ak kowòdone Kò a.

Aprè pwogram vaksinasyon an fini, New York pral baze sou modèl Kò Sante Piblik la lè li kontinye rekrute ak fòme pwofesyonèl swen sante pou pèsone ajans sante nan eta a ak konte yo epi Kò sa a ap disponib ak prepare pou sèvi eta a nan nenpòt kriz alavni.

**Fòmasyon Gratis sou Sante Piblik Sitwayen:** Pou rann otonòm ak edike Nouyòkè yo pou prepare pou pwochen kriz sante piblik yo, Eta a pral devlope yon pwogram fòmasyon gratis sou sante piblik sitwayen avèk Cornell, ki ap fèt sou entènèt, pou edike ak sètifye plizyè milye Nouyòkè pou prepare yo pou fè volontarya pou ede kominote yo pwochen fwa gen yon ijans sante.

**Batay pou Sipò Federal ki Anreta bay Eta yo k ap Batay kont COVID-19:** Nan kòmansman prentan an, Viris la te rann New York avèg. Malgre anpil ajans te gen responsablite pou siveye menas sante, ak plizyè mwa alèt, gouvènman federal la pa te

rive reponn ak — oswa menm remake — devlopman pandemi global la. Lè yo te finalman pran nouvèl la, gouvènman federal la te sèlman konsantre sou Lachin ke li kite 3 milyon vwayajè sòti an Ewop — kote viris la te gentan ap gaye byen vit — pou antre nan ayewopò rejyon Vil New York yo ak lòt. Sa se te yon zak gwo neglijan gouvènman federal la. Eta New York te gide nasyon an nan entèvansyon li. Nouyòkè yo ke gouvènman federal la te lage poukont yo, te pliyè koub la epi, avèk yon apwòch syantifik, te re-ouvri pifò ekonomi an pandan yo te rive kenbe kèk nan pousantaj enfeksyon ki pi ba nan peyi a.

Sepandan, menm si kèk pati nan ekonomi an te rebondi, anpil sektè gen gwo pèt travay epi rete afekte anpil, tout sa yo kontribiyè nan gwo difikilte fiskal New York la. Eta a ap fè fas ak yon defisi bidjè 15 milya dola ke pandemi an sèlman te kreye. Pandan twò lontan, yo te mande New York pou sibvansyone gouvènman federal la yon fason ki pa jis. Kòm premye donatè gouvènman federal la, New York te deja se prensipal nan peyi a ki te konn voye plis lajan bay Washington pase sa li resevwa an retou. Anplis de sa, Washington te abize eta sa a san pran souf, nan bay pousantaj ranbousman Medicaid ki pi ba nan peyi a, kite nou san finansman pou enfrastrikti, epi redui nan dediksyon Taks Eta ak Taks Lokal (SALT), sa ki te ogmante taks Nouyòkè yo epi te kite nou ak yon mank 30 milya dola sou twa ane. Apre tout sa yo, New York pa gen mwayen tou pou peye bòdwo a pou enkonpentans gouvènman federal la.

Gouvènè Cuomo pral batay pou asire gouvènman federal la pran responsabilite li epi bay finansman san patipri ak New York ak lòt eta yo.

**Adopte yon Pwogram Konplè Kanabis pou Granmoun:** An 2019, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon pou dekriminalize penalite pou posesyon ilegal marigwana a. Lejislasyon an te pwopoze tou yon pwosesis pou efase dosye pou kèk kondanasyon marigwana. Pi ta nan ane sa, Gouvènè a te dirije yon somè plizyè eta pou diskite sou wout vè legalizasyon itilizasyon kanabis pou granmoun ki t ap asire ke sante piblik ak sekirite, kowòdone pwogram nan nivo rejyonal pou minimize mouvman transfontalye pwodui kanabis yo.

Baze sou travay enpòtan sa a, Gouvènè a ap pwopoze kreyasyon yon nouvo Biwo Jesyon Kanabis pou sipèvize yon nouvo pwogram kanabis pou granmoun ansanm ak pwogram ki egziste nan Eta a sou chanv medikal ak kanabinoyid. Anplis, y ap kreye yon estrikti ekitab pou mache granmoun lan ki ofri opòtinite lisans ak asistans pou antreprenè nan kominote moun koulè yo ke lagè kont dwòg yo te afekte nan fason ki pa ekitab. Legalizasyon kanabis la pral kreye plis pase 60,000 nouvo travay, k ap ankouraje 3.5 milya dola nan aktivite ekonomik ak jenere plis pase 300 milyon dola nan revni taks lè li anplas nèt.

**Pèmèt Paryaj nan Espò sou Entènèt:** Mache jwèt espò a ap evolye byen rapid. An 2018, Kou Siprèm Ameriken an (U.S. Supreme Court) nan *Murphy v. NCAA* te anile lwa ki entèdi pifò eta yo otorize paryaj nan espò. Paryaj nan espò yo legal kounye a nan 14 eta, sa gen ladan eta ki pataje fwontyè ak New Jersey ak Pennsylvania yo, pandan li sèlman legal nan New York nan ka sant jwèt komèsyal nan rejyon nò a ak nan sant jwèt

Ameriken Natif yo. Yon etid sou endistri an montre ke apeprè 20 pousan revni nan paryaj espò New Jersey sòti kote rezidan New York yo, sa ki koute Eta a plizyè milyon dola nan revni sou taks.

Dapre pwopozisyon Gouvènè Cuomo a, Komisyon sou Jwèt Eta New York la (New York State Gaming Commission) ap sòti yon apèl dòf pou chwazi youn oswa plizyè founisè pou ofri paryaj espò mobil nan New York. Komisyon an ap egzije tou pou tout antite k ap eksplwate aplikasyon paryaj mobil yo genyen garanti kont abi ak adiksyon.

**Kreye yon Rezo Tès Rapid kòm yon Zouti pou Ede Biznis yo Re-ouvri:** Pandan plizyè mwa pase yo, plan re-ouvèti New York Forward Gouvènè Cuomo a te trase wout pou anpil biznis pou reprann operasyon yo san danje atravè apwòch pa faz la epi an akò avèk pwotokòl sante piblik yo. Pandan sa te libere entelijans ak kreyativite biznis New York yo —tankou nouvo espas dine anplennè ak opsyon livrezon yo — li te kreye tou gwo difikilte finansye pou endistri sa yo.

New York se te avan-gad nan devlope kapasite tès pandan kriz COVID-19 la epi li pral itilize eksperyans sa a pou ede sipòte re-ouvèti biznis yo. Eta a pral kontinye ogmante disponibilite tès yo pou ede biznis yo redui restriksyon sou kapasite yo san danje, ansanm ak travay avèk konpayi tès yo pou mete sou pye yon rezo sit tès ki adapte nan sant vil yo, kòmanse depi nan Vil New York. New York pral travay avèk gouvènman lokal yo tou pou redui nenpòt fòmalitye administratif pou kapab etabli enfrastruktir enpòtan sa a rapid. Avèk nouvo rezo lokal pou fè tès rapid sa yo, yon kliyan ap kapab antre nan yon nouvo sant tès rapid, fè tès, epi libere nan 15 minit apre pou ale manje oswa gade yon fim. Sa ap bay yon kouch pwoteksyon ak konfyans anplis pandan Nouyòkè yo ap reprann aktivite ekonomik yo.

**Fasilite Refòm Lapolis la:** Ane sa a, Gouvènè Cuomo te pran mezi rapid ak agresif pou reponn a enkyetid kominotè yo ak rebati konfyans piblik nan pwofesyon lapolis la apre lanmò trajik George Floyd, Breonna Taylor, Daniel Prude, ak anpil twòp lòt moun. Gouvènè a te siyen ajanda refòm "Site Non Yo" (Say Their Name) ki te abwoje 50-a, entèdi etoufman, entèdi apèl 911 ki baze sou ras, epi li te kodifye Dekrè Egzekitif 2015 li an ki nonmen Pwokirè Jeneral la kòm yon pwokirè endepandan pou lapolis ki enplike nan lanmò sivil ki pa ame. Li te siyen tou lejislasyon ki kreye Biwo Ankèt sou Move Konpòtman Fòs Lapolis (Law Enforcement Misconduct Investigative Office) la nan Biwo Pwokirè Jeneral la pou mennen ankèt sou plent sou move konpòtman ki depoze kont ajans lapolis yo.

Sepandan, twoub ak mefyans te kontinye sekwe kominote yo nan New York ak toupatou nan nasyon an. Kenbe sekirite piblik la se yon enperatif; se youn nan wòl esansyèl gouvènman an, epi kominote yo egzije konfyans ak respè mityèl ant lapolis la ak kominote yo ap sèvi yo. Lè li rekonèt sa, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 203 pou kreye Kolaboratif Refòm ak Reyenvansyon Lapolis (Police Reform and Reinvention Collaborative) Eta New York. Pwosesis kolaborasyon sa a egzije pou tout gouvènman lokal yo ak fòs polis yo devlope yon plan pou modènize estrateji lapolis pa yo epi ranfòse relasyon yo avèk kominote yo ap sèvi yo. Yo egzije lokalite yo angaje

kominote yo epi ratifye yon plan disi 1 avril 2021. Si yo pa konplete pwosesis sa a, sa pral lakòz yo pèdi finansman Eta.

**Fasilite Kreyasyon Opsyon Gadri nan tout Eta a:** Pandemi COVID-19 la te souliye ki jan yon mank aksè ak gadri abòdab ka deranje fanmi ki gen revni fèb yo epi fòse moun kap bay swen yo, sitou fanm yo, chwazi ant mete manje sou tab yo ak pran swen pitit yo. Pandan ke pri abòdab sèvi kòm yon baryè pou fanmi yo asire swen pou timoun yo, gen tou yon mank aksè jeneral nan pwogram swen pou timoun yo, ansanm ak kapasite ensifizan founisè ki gen bon jan kalite nan tout eta a ki ka anpeche fanmi yo jwenn aksè ak swen pou timoun.

Pou fè swen pou timoun yo pi abòdab ak ekitab pou timoun ki pi frajil nou yo ak paran pa yo, Gouvènè Cuomo pral investi 40 milyon dola pou redwi chaj kopeman sibvansyon paran yo pou ede apeprè 32,000 fanmi k ap travay. Sa pral asire ke okenn fanmi New York pa peye plis pase 20 pousan revni yo pi wo pase nivo povwete federal pou yon kopeman sibvansyon pou swen timoun, ak rès depans pou swen ki kouvri pa sibvansyon an.

Pou asire ke tout fanmi yo gen aksè a bon jan kalite swen pou timoun, Eta New York pral investi 6 milyon dola pou sibvansyon demaraj pou kreye pwogram kont mank nan zafè swen timoun; ogmante valè Kredi pou Swen Timoun ke Anplwayè Founi (Employer-Provided Child Care Credit) nan Eta New York lè li agrandi kantite lajan yon biznis ka reklame pou depans pou swen timoun ki kalifye jiska 500,000 dola chak ane; kreye yon nouvo bwat zouti pou bay konsèy ak asistans pou biznis kap chèche sibvansyone ak fasilite aksè ak swen pou timoun pou anplwaye pa yo; epi etabli gwoup travay pèmanan sou sektè swen timoun nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) yo pou gide e enfòmè desizyon konsèy yo. Gouvènè a pral etabli tou yon nouvo Kredi Enpo Envestisman Swen Timoun Excelsior disponib pou benefisyè Kredi Enpo Excelsior kòm yon ankourajman bonis pou kreye ak bay sèvis swen pou timoun pou anplwaye yo ak fanmi yo.

Pou fasilite chaj administratif yo epi fè li pi fasil ak mwens chè pou bay sèvis gadri, Gouvènè Cuomo pral adopte rekòmandasyon Gwoup Travay Disponibilite Swen Timoun (Child Care Availability Task Force) pou estandatize ak modènize sistèm sibvansyon swen pou timoun nan pou elimine gaspiyaj, doub anplwa, ak règleman konfizyon pou fanmi yo. Espesyalman, Gouvènè a pral mande Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an ak Konsèy sou Timoun ak Fanmi pou egzamine lwa ak règleman federal ak eta a pou idantifye opòtinite pou refòm ak rasyonnalize; elimine chèk antesedan sipèfli yo ki ogmante chay administratif ak depans pou founisè yo; epi avanse lejislasyon pou elimine egzijans pou moun k ap chèche travay nan OCFS oswa nan pwogram reglemante Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene) Vil New York soumèt yon nouvo fòm otorizasyon Rejis Santral sou Abi ak Maltretans sou Timoun lè yo pase nan yon nouvo pwogram.

**Rasyonnalize ak amelyore travay pou adrese vyolans ki baze sou sèks:** Mete fen nan vyolans domestik ak atak seksyèl deja nan tèt ajanda New York depi lè Gouvènè

Cuomo te antre an fonksyon. Pandan tout tan li kòm Gouvènè, Gouvènè Cuomo te siyen anpil lejislasyon ki gen rapò ak asire sekirite pou ti fi, fanm, ak tout sivivan twomatiz domestik ak abi, ki gen ladan lejislasyon nan bidjè Ane Fiskal 2021 an ki otorize lapolis retire zam sou sèn yon ensidan vyolans domestik, epi egzije jij yo pou yo konsidere efè vyolans domestik pandan y ap detèmine distribisyon pwopriyete matrimonyal yo. Gouvènè a te siyen tou lalwa Enough is Enough (Nou Di Ase) a nan mwa jiyè 2015 pou adrese atak seksyèl, vyolans nan frekantasyon, vyolans domestik, asèlman sou kanpis kolèj yo.

Kounye a Gouvènè a ap pwopoze pou fè travay sa a franchi yon etap pi lwen nan yon seri inisyativ konplè pou konbat vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks. Seri a gen ladan yon pwopozisyon ki pèmèt tribinal yo egzije agresè yo peye pou domaj yo nan inite lojman an, depans pou demenajman, ak lòt depans lojman ki gen rapò ak vyolans domestik, ansanm ak yon pwopozisyon pou kreye yon etikèt deli vyolans domestik yo fèmen brèch vyolans domestik pou achte zam pou asire abizè yo ki kondane pou atak deli sou yon patnè domestik pa ka jwenn zam.

Anplis de sa, Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) la pral transfòme an yon ajans re-imagine, Biwo pou Mete Fen nan Vyolans Domestik ak Vyolans ki Baze sou Sèks (Office to End Domestic and Gender-Based Violence), epi yo pral gen responsablite pou adrese entèseksyon nan anpil fòm vyolans ant patnè entim, ki gen ladan vyolans domestik ak vyolans seksyèl, nan yon fason global ki santre sou sivivan yo.

### **Founi Soulajman Lwaye ak Ipotèk pou Lokatè yo ak Pwopriyete Ti Biznis**

**yo:** Pandemi COVID-19 la te lakòz dislokasyon ekonomik san parèy atravè Etazini, e New York pa epanye difikilte finansye ki soti apati fèmte biznis yo epi ki lakoz chomaj touche tout aspè nan lavi a, men petèt Nouyòkè yo ki an danje pou yo pèdi kay yo oswa biznis yo santi li pi di paske yo pa gen mwayen pou peye ipotèk yo oswa lwaye yo ankò.

Gouvènè a deja siyen yon lejislasyon ki plase yon moratwa sou eviksyon rezidansyèl yo jiska premye me 2021 pou lokatè yo ki ap sibi difikilte ki gen rapò ak COVID-19 la. Nan mennen efò sa a franchi yon etap pi lwen, Gouvènè Cuomo pral kodifye Dekrè Egzekitif li a ki entèdi frè pou peman lwaye an reta ak peman rate pandan pandemi an epi pèmèt lokatè yo sèvi ak depo garanti yo kòm peman imedya ak ranbouse depo garanti a pi devan, kenbe pwoteksyon sa yo an plas jiska 1 me. Gouvènè a pral kodifye Dekrè Egzekitif li a tou pou etabli yon moratwa nan tout eta sou degèpisman komèsyal jiska 1 me pou lokatè komèsyal ki te andire difikilte ki gen rapò ak COVID.

**Elimine Prim Swen Sante pou Nouyòkè ki Gen Revni Fèb yo:** Pandemi COVID-19 la te prezante disparite swen sante pèsistan, ki repati nan peyi sa a ak nan Eta New York. Kominote Nwa, Latino, Azyatikak kominote pòv yo peye pri ki pi chè a pandan COVID-19 la. To ki pi wo nan kondisyon kache yo te yon gwo motè nan disparite sa yo. Ogmante aksè ak swen sante abòdab pral ede adrese diferans sa yo epi ede asire New York emèje anba pandemi an pi fò epi pi ekkitab.

Atravè echanj asirans sante New York ki reyisi a, Sante Eta New York, fanmi ki gen revni fèb yo kalifye pou Plan Esansyèl eta a gratis oswa avèk yon prim maksimòm 20 dola pa mwa pou chak moun. Sepandan, fanmi yo ak moun yo toujou ap lite ak depans yo. Pou fè pwoteksyon pi abòdab pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo, Gouvènè Cuomo pral elimine prim mansyèl sa yo pou plis pase 400,000 Nouyòkè, sa k ap pèmèt fanmi nyo ekonomize prèske 100 milyon dola pa ane nan prim yo epi enskri 100,000 Nouyòkè ki pa gen asirans kounye a.

**Kontinye Pwojè Defans Libète Eta New York la:** Pwojè Defans Libète a (Liberty Defense Project), ki te lanse an 2017 sou direksyon Gouvènè Cuomo, se premye a nan nasyon an e li deja ofri plis pase 45,000 sèvis jiridik vital pou imigran ak kominote ki nan bezwen yo — sitou sa ki se sib taktik aplikasyon lwa imigrasyon gouvènman federal la, sa gen ladan moun ki sou Aksyon Repòte pou Timoun Ki te Vini Lè yo te Tou Piti yo (Deferred Action for Early Childhood Arrivals, DACA) oswa moun ki gen Eitati Pwoteksyon Tanporè yo (Temporary Protected Status, TPS). Biwo pou Nouvo Ameriken Eta a ap jere pwojè a epi yo ap dirije l an patenarya ak kabinè jiridik, asosiyasyon legal, òganizasyon defans yo, inivèsite yo, gran inivèsite yo ak asosiyasyon bawo atravè eta a yo. Pwojè Defans Libète a bay konsiltasyon jiridik gratis ak tès depistaj pou imigran yo toupatou nan New York, reprezantasyon dirèk nan pwosedi depòtasyon ak lòt ka yo, asistans nan aplikasyon pou natiralizasyon ak otorizasyon anplwa, ak lòt edikasyon ak sipò, ki gen ladan koneksyon ak sèvis sosyal ak swen sante.

Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral kontinye sipòte Pwojè Defans Libète a pou kontinye goumen pou imigran k ap chèche yon lavi miyò pou tèt yo ak fanmi yo. Nou jwenn fòs, karaktè, ak fyète New York nan divèsite ak kilti rich ki fè nou Empire State la. Nou pral kontinye sipòte ak defann tout moun ki rele New York lakay yo.

**Ranfòse ak agrandi Aksè ak Eleksyon yo:** Bati apati refòm elektoral istorik anvan yo nan New York, Gouvènè Cuomo te prezante yon pwopozisyon transfòmasyon ki kontinye ogmante aksè pou vote epi amelyore pwosedi yo pou akselere kontaj vòt yo epi ajoute plis tan pou vòt bonè a. Espesyalman:

*Ogmante aksè nan vòt bonè:* Gouvènè Cuomo ap avanse lejislasyon ki pwolonje kantite èdtan vòt bonè a soti 6:00 pm rive 9:00 pm nan wikenn ansanm ak sou yon minimòm twa semèn pandan di jou peryòd vòt bonè a.

*Vòt pa korespondans san eskiz pou tout Nouyòkè:* Nan 2019, Gouvènè Cuomo te selebre adopsyon Lejislati yon rezolisyon ki kòmanse pwosesis amandman konstitisyon eta a pou fè vòt pa korespondans san eskiz la vin yon reyalite nan eta nou an. Nan 2021, Gouvènè a ap mande Lejislati a aji rapidman pou pase rezolisyon sa ankò pou amandman ki pwopoze a ka ale nan vòt pou elektè yo ratifye l.

*Otorize plis tan pou elektè yo mande bilten vòt pou vòt pa korespondans yo:* Lwa eleksyon eta a entèdi elektè yo pou mande bilten vòt pou vòt pa korespondans yo 30 jou anvan Jounen Eleksyon yo aktyèlman. Patikilyèman nan eleksyon ki gen gran kantite elektè pa korespondans yo, delè sa ka rann li difisil pou konsèy elektoral konte yo trete demann bilten vòt yo alè epi nan yon fason ki efikas. An retou, sa bay elektè yo



mwens tan pou resevwa bilten vòt yo, epi pou yo voye yo pa lapòs pou yo. Gouvènè Cuomo ap avanse lejislasyon an k ap pèmèt elektè yo mande bilten vòt pa korespondans yo 45 jou anvan eleksyon an, pou asire yo ka voye yo pa lapòs depi Konsèy la apwouve bilten vòt yo finalize yo.

*Akselere kontaj bilten vòt pa korespondans yo:* Lwa elektoral Eta New York yo pa fasilite kontaj rapid kantite bilten vòt pa korespondans ki anpil - lwa a sèlman egzije pou konsèy elektoral yo reponn ak pwosesis la epi konte bilten vòt yo nan de semèn apre yon eleksyon jeneral epi nan uit jou apre yon eleksyon primè. Pou asire ke Eta New York konte vòt pa korespondans yo rapidman epi nan fason ki efikas apre chak eleksyon, Gouvènè Cuomo ap entwodui lejislasyon ki egzije konsèy elektoral konte yo trete bilten vòt pa korespondans yo kan yo resevwa yo epi kòmanse konte epi repòte bilten sa yo nan Jounen Eleksyon an.

### **Retransfòm Espas Komèsyal ki Pa Itilize Ase yon fason kreyatif pou lojman**

**siplemantè:** Pandan pandemi COVID-19 la ap dewoule, New York, tankou eta yo toupatou nan peyi a, konstate yon ogmantasyon nan teletravay ak yon rediksyon nan vwayaj. Vil New York dwe, epi li pral rete, yon sant komèsyal mondyal, nan asire ke distri biznis santral li rete lye esansyèl pou biznis ki pi inovan ak biznis ki reyisi nan mond lan ak anplwaye pa yo. Demann redwi pou espas biwo ak otèl deja kreye yon opòtinite pou retransfòm ansyen espas komèsyal ki gen pi gwo potansyèl pou itilize kòm lojman, enkli lojman abòdab ak sipò, pou kreye katye dinamik ki aksesib 24 sou 24, 7 jou sou 7.

Gouvènè Cuomo pral pwopoze lejislasyon pou bay mèt pwopriyete yo otorizasyon pou yo konvèti batiman biwo yo ak otèl yo nan Vil New York pou itilizasyon rezidansyèl. Anmenmtan konvèsyon lojman pral kreye dè milye djòb ki byen peye, ogmante lojman nan pri abòdab, ak sipòte kwasans ekonomik alontèm nan ede anplwayè New York yo atire ak kenbe talan.

**Asire Abri San Danje epi Bay Swen Dirab pou Sanzabri nan Lari yo:** Gouvènè Cuomo se yon lidè nan pwoteje ak sèvi Nouyòkè sanzabri yo pandan tout karyè li, e li te pran mezi pandan kriz COVID-19 la pou asire ke yo te resevwa sipò ak swen yo bezwen. An septanm, Gouvènè Cuomo te bay Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape a (Office of Temporary and Disability Assistance) enstriksyon pou li pibliye direktiv pou tout sèvis sosyal yo

### **RE-OUVÈ SAN DANJE AK YON FASON ENTELIJAN APRE PANDEMI COVID-19 LA**

**Tounen avèk Atizay an Sekirite avèk Pèfòmans ak Evènman Tanporè:** New York se kapasite kiltirèl monn lan. Resous kiltirèl inik nou yo — Broadway, mize, fim, komedi, dans ak mizik — fondamantal pou ekonomi an ak lespri New York. Anvan pandemi COVID-19 la, sektè atistik ak kiltirèl 120 milya dola a te reprezante apeprè uit pousan ekonomi eta a ak apeprè 500,000 travay. Nan mwens pase yon ane, plis pase de milyon travay nan atizay kreyatif te pèdi nan nivo nasyonal, sa ki gen ladan plizyè dizèn milye travay nan New York.

Eta New York pral lanse yon patenarya ki pral òganize pèfòmans ak evènman atistik "tanporè" nan eta a apati fevriye. Plis pase 150 atis renome mondyal ki gen ladan Amy Schumer, Chris Rock, Renée Fleming, Wynton Marsalis, ak Hugh Jackman pral patisipe ansanm ak òganizasyon atistik yo tankou Ballet Hispanico, Ars Nova, Albany Symphony Orchestra, National Black Theatre, Pendragon Theatre nan Saranac Lake ak anpil lòt ke Konsèy Atistik Eta New York sipòte ki travay avèk plis pase 2,000 òganizasyon atistik nan eta a.

**Sipòte Atis New York yo Atravè Inisyativ Creatives Rebuild:** Eta a pral fè patenarya avèk Andrew W. Mellon Foundation pou lanse yon inisyativ Creatives Rebuild. Devlope nan patenarya avèk Komisyon Re-imaginer New York la, inisyativ sa a pral pèmèt 1,000 atis ke kriz la te afekte tounen travay epi pral investi nan plizyè douzèn ti òganizasyon atistik ki rann lokalite ak vil nou yo dinamik anpil. Atizay gen yon efè miltiplikatè sou ekonomi an. Creatives Rebuild pral bay atis New York yo sipò pou yo kapab ede kominote ki pi dinamik yo nan New York.

**Premye Entènèt Abòdab nan Peyi a pou Tout Fanmi ki Gen Revni Ba:** Lè viris COVID-19 la te premye antre New York epi te kòmanse gaye byen vit atravè kominote nou yo, elèv ak granmoun yo te oblije adapte yo ak aprantisaj adistans ak travay adistans pou kenbe youn lòt an sekirite. Touswit, sa te vin klè ke wo debi inivèsèl se te yon kondisyon preyalab pou reyisi nan yon monn adistans. Aktyèlman, yon pri pou plan entènèt debaz wo debi, an mwayèn, plis pase 50 dola pa mwa. Gouvènè Cuomo pral pwopoze premye lejislasyon nan peyi a ki mande founisè sèvis entènèt yo ofri yon plan entènèt wo debi 15 dola pa mwa pou tout fanmi ki gen revni ba. Eta a pral egzije founisè yo tou pou fè piblisite plan sa a pou asire pwogram yo atenn popilasyon defavorize yo nan Eta a. Pou konble plis mank lan, Eta a pral fè patenarya avèk Schmidt Futures ak Fondasyon Ford pou lanse yon nouvo fon sipò pou peye abònman entènèt pou elèv nou yo ki gen plis nesosite ki pa kapab peye 15 dola pa mwa pandan kriz sa a.

Aprè apeprè 500 milyon dola ki investi pou elaji entènèt wo debi pou 98 pousan eta a, New York pral dirije nasyon an tou nan rann wo debi nan pri abòdab. San wo debi abòdab, moun yo pa sèlman dekonekte, yo prive de dwa yo. Komisyon Re-imaginer New York la te rapòte bay Gouvènè a ke wo debi bon kalite, abòdab dwe disponib pou tout moun epi nan New York n ap asire sa fèt.

**Fè Patenarya avèk Biznis nan New York pou Investi nan Fòmasyon Mendèv, Elaji Aprantisaj ak Ankadreman, epi Refòme Règleman sou Rekritman ak**

**Pwomosyon:** Ijans sante COVID-19 la te lakòz anpil Nouyòkè pèdi travay, kote pifò pèt yo afekte fanmi ki nan klas ba ak mwayèn yo. Menm jan an kote demann ekwasyon mendèv la enpòtan tou: Biznis yo dwe ede konsevwa pwogram yo pou satisfè mank yo ak angaje pou anboche travayè yo yon fwa fòmasyon an fini.

Nan patenarya avèk Komisyon Re-imaginer New York Gouvènè a, New York ap lanse yon Pwomès pou Mwayen (Pathways Pledge) pami anplwayè prensipal New York yo, piblik ak prive, pou angaje nan refòme règleman sou rekritman talan, investisman ak

pwomosyon yo epi asire mendèv ki pi ekitab apre COVID-19 la. Jiskaprezan, gen 16 konpayi ki te fè pwomès la, sa ki afekte plis pase 120,000 travayè nan Eta New York. Nan ane 2021 an, Eta New York prevwa triple angajman sa a.

Anplwayè k ap patisipe yo te angaje pou omwen de nan sa yo: Envesti nan resiklaj mendèv la; kreye opòtinite aprantisaj pou popilasyon ki pa byen reprezante yo; bay sipò anplis pou estajyè ki gen revni ba yo sou fòm gadri oswa sibvansyon pou transpò; retire egzijans diplòm segondè oswa siperyè pou nouvo anboche yo; ogmante relasyon avèk patnè devlopman mendèv ki egziste yo pou bay ase tan pou entèvyou ak opòtinite pou devlopman pwofesyonèl, epi devlope nouvo relasyon avèk founisè Eta New York yo k ap sèvi kominote defavorize yo.

### **Bay Bous Detid pou Travayè ki Gen Revni Ba pou Pwogram Fòmasyon**

**Mendèv:** Menm si gen anpil kolèj kominotè, òganizasyon ki pa gen bi fè lajan, oswa founisè fòmasyon nan biznis nan New York ki ofri fòmasyon pou mendèv, travayè yo ki pa kalifye pou sibvansyon kolèj nan moman an dwe peye tout frè yo. Sa kapab yon obstak pou jwenn aksè ak opòtinite fòmasyon ki nesèsè yo pou genyen pi bon salè ak antre nan endistri k ap devlope yo.

Pandan New York ap rekonstwi pi byen, Gouvènè Cuomo ap anonse apeprè 5 milyon dola bous detid pou kreye plis opòtinite pou Nouyòkè ki gen revni ba rive nan klas mwayèn nan. Tankou Bous Detid Excelsior la ki te lanse an 2017, pwogram sa a pral rann pwogram diplòm bon kalite a gratis pou Nouyòkè ki gen revni ba yo, pèmèt yo akeri diplòm ki pral mennen nan travay klas mwayèn yo nan endistri ki gen anpil demann.

### **Devlope Sant Fòmasyon sou Entènèt SUNY an pou Konble Lakin nan Konpetans ak Okipe Travay ki Gen Anpil Demann yo:**

Kriz sante piblik COVID-19 la te mennen nan yon kriz ekonomik nan Eta New York ak nan monn lan. Klas ouvriye a te espesyalman frape atravè endistri lwazi ak ospitalite, komès ak lojistik, ak vant an detay kote y ap fè fas ak pèt revni san parèy. Pandan travayè yo ap chèche nouvo opòtinite travay, pwogram sètifikasyon san diplòm yo kapab se yon mwayen enpòtan pou konble lakin yo ak okipe travay ki gen gwo demann yo.

Gouvènè Cuomo pral agrandi Sant Fòmasyon sou Entènèt SUNY gratis la pou Nouyòkè yo kapab enskri nan pwogram sètifikasyon travay anplis pou travay bon kalite nan endistri ki gen anpil demann yo, tankou swen sante ak fabrikasyon avanse. Sant Fòmasyon an pral bay plis Nouyòkè nan tout rejyon nan eta a — sòti nan kominote rural yo rive nan sant iben yo — yon lòt opòtinite pou resevwa sètifikasyon fòmasyon pwofesyonèl gratis epi jwenn admisyon otomatikman nan nenpòt nan 30 kolèj kominotè SUNY yo pou avansman karyè alavni.

**Konvoke yon Komisyon sou Lavni Ekonomi New York:** Gouvènè Cuomo pral etabli Komisyon sou Lavni Ekonomi New York pou pwopoze yon fèy de wout pou abòde inegalite kache ke kriz COVID-19 la te ekspoze yo, — sa gen ladan disparite sosyal ak ekonomik ke kriz la te agrave — pèmèt New York tounen travay nan travay ki peye

byen ak kontinye atire moun nan tout monn lan pou viv ak travay nan New York. Komisyon an pral gen ladan manm prensipal lidè akademik, biznis, travay ak sosyete sivil peyi a. Dwayen NYU Wagner School of Public Service, Sherry Glied, pral sèvi kòm Direktè Egzekitif Komisyon sa a.

## *DEVLOPE EKONOMI ENÈJI VÈT LA*

**Pi gwo pwogram Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo nan Nasyon an:** An 2021, New York pral kontinye konstwi rekiperasyon ekonomik vèt li a k ap mennen nan nasyon an epi akselere pwogram devlopman enèji renouvlab yo. Eta a pral siyen kontra avèk Equinor Wind US LLC pou devlopman de nouvo pak ewolyèn olaj zòn kot yo plis pase 32 kilomèt olaj Long Island, nan sa ki se pi gwo akizisyon enèji renouvlab pa yon eta nan istwa Etazini. Lè yo fini, de pak enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pral bay yon konbinezon 2,490 megawatt enèji san kabòn, pote yon lòt 8,9 milya dola nan investisman, ak kreye plis pase 5,200 djòb.

Yon fwa ke pak enèji ewolyèn olaj zòn kot renouvlab epi nan wo nivo yo fini, plis pase mwatye nan elektisite New York pral soti nan sous renouvlab, sa ki pral mete eta an avan an direksyon pou atenn objektif 70 pousan enèji renouvlab li a dis 2030

**Santral Mondyal pou Fabrikasyon Enèji Ewolyèn** New York te garanti angajman konpayi yo pou fabrike konpozan tibin ewolyèn nan eta a epi konstwi pi gwo pwogram enèji ewolyèn olaj zòn kot yo nan nasyon an. Plan pou fè Eta New York vin yon santral mondyal pou fabrikasyon enèji ewolyèn gen ladan amelyorasyon pou kreye senk enstalasyon pòtyè ki konsakre, ki gen ladan:

Premye etablisman fabrikasyon tou enèji ewolyèn olaj zòn kot yo ke yo dwe konstwi nan Pò Albany an.

Yon etablisman preparasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot tibin ewolyèn yo ak sant operasyon ak antretyen ke yo dwe etabli nan Tèminal Maritim South Brooklyn (South Brooklyn Marine Terminal) lan.

Ogmante itilize nan Pò Coeymans pou fabrikasyon fondasyon tibin dènnye kri, ak Ranfòse operasyon ak antretyen kontinyèl yo depi nan Pò Jefferson ak Pò Montauk Harbour nan Long Island.

Pwojè yo pral mobilize prèske 3 dola nan finansman prive pou chak 1 dola nan finansman piblik, pou yon investisman 644 milyon dola konbine nan enstalasyon pòtyè sa yo, epi yo pral finalman kreye 2.600 djòb akoutèm ak alontèm nan endistri ewolyèn olaj zòn kot yo.

**Konstwi Otowout Transmisyon Enèji Vèt New York la:** Kòm New York ranfòse kapasite pou jenere enèji pwòp nan pati Nò a, pwochen defi a se kreye yon sistèm transmisyon modèn ki kapab distribiye elektisite sa a avèk efikasite nan zòn ki gen anpil demann yo nan pati Sid la. Ane pase a, bòdwo sèvis piblik Nouyòk yo te reflète apeprè 1 milya dola nan "depans konjesyon" ki pa nesèsè akòz blokaj nan rezo transmisyon antik nou an.

An 2021, Eta New York pral konstwi yon nouvo otowout enèji vèt ki evalye a 202,33 kilomèt. Pwojè 2 milya dola a pral kreye opòtinite pou maksimize itilizasyon enèji renouvlab pou pati yo nan eta a ki toujou konte sou plant gaz fosil polyan yo. Konstriksyon an deja kòmanse nan kad pwojè Pakou Entèlijan (Smart Path) ki evalye a 138 kilomèt Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la soti Massena pou rive Croghan, e konstriksyon pral kòmanse byento nan plizyè pwojè kle nan Rejyon Lwès New York, Mid-Hudson, ak Rejyon Kapital la.

New York te pibliye yon [Apèl Dòf](#) pou aks transmisyon pou pote enèji renouvlab soti nan pati Nò a ak Kanada nan Vil New York. Dinamize nouvo otowout transmisyon an pral vital pou konplete rekiperasyon ekonomik vèt New York la k ap mennen nan nasyon an epi akselere pwogram devlopman enèji renouvlab yo. Envestisman aktyèl ak planifye yo pral lakoz plis pase 1,000 djòb ak 5 milya dola nan investisman sektè piblik ak prive.

### **Patenarya Piblik-Prive pou Konstwi Prèske 100 Pwojè Enèji**

**rRenouvlab:** Transfòmasyon enèji pwòp New York te akselere rapidman pandan senk dènye ane yo. Pandan peryòd sa a, Eta a te siyen kontra pou konstriksyon 68 nouvo etablisman enèji renouvlab nan wo nivo ki gen ladan fèm solè, fèm ewolyèn tèrès, ak twa fèm ewolyèn olaj kòn Kot ki pami sa yo ki pi gwo nan nasyon an. Envestisman sa yo nan enèji renouvlab te pote aktivite ekonomik nan 34 konte distenk, yo pral ajoute 6.100 megawatt kapasite enèji pwòp nan enfrastrikti eta a, ak jenere investisman ki plis pase 12 milya dola.

Pou bati sou pwogrè remakab sa a, New York pral siyen kontra pou yon lòt 24 pwojè pwodiksyon enèji renouvlab an 2021 nan wo nivo, pou pote total enèji pwòp ki bati nan eta a prèske 100 pwojè. 23 fèm solè yo ak yon etablisman idwo-elektrik pral konstriksyon enèji pwòp ki pi rantab jiska dat nan New York, sa k ap pwodwi plis pase 2,200 megawatt enèji pwòp, jenere plis pase 2.9 milya dola nan investisman ak kreye 3.400 djòb nan 16 konte nan pati Nò a.

**Pwojè Estokaj Enèji yo:** New York pral kontinye devlope ak deplwaye teknoloji ak etablisman estokaj enèji renouvlab modèn pou pwodwi elektrisite, bati kapasite pou estokaj, epi ede eta a reyalize plan klima anbisye li yo. Pou sa, Otorite Enèji New York deja kòmanse konstriksyon pwojè estokaj batri ki evalye a 20 megawatt nan wo nivo nan Rejyon Nò New York, youn nan pi gwo pwojè estokaj nan pòtfèy k ap grandi nan eta a prèske 1,000 megawatt pwojè estokaj sou kontra. Pwojè sa yo pral ede satisfè demand elektrisite 1.2 milyon kay New York yo ak itilizasyon enèji renouvlab. An plis de sa, pwojè sa yo pral ede kontinye pouse sektè travay sa a k ap grandi rapid la.

**Antrene Mendèv Enèji Vèt la:** Pwogram devlopman enèji renouvlab akselere New York la ap kreye dè milye djòb ki byen peye. Pou asire tout Nouyòkè benefisyè dirèkteman nan kwasans sektè sa a, Eta a ap envesti 20 milyon dola nan yon nouvo Enstiti Fòmasyon Ewolyèn Olaj Zòn Kot (Offshore Wind Training Institute) ki baze nan SUNY Stony Brook ak Farmingdale State College. Enstiti a pral fòme omwen 2,500 Nouyòkè pou travay ki byen peye nan enèji ewolyèn ak enèji renouvlab. Otorite

Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la ak State University of New York te pibliye [premye solisitasyon](#) pou patnè fòmasyon teknoloji avanse yo pou ogmante sistèm SUNY nou an ak fòme premye gwoup travayè yo k ap kòmanse nan ete 2021 an.

New York ap investi tou 700 milyon dola nan solisyon elektrifikasyon batiman pou apeprè 130,000 batiman nan eta a, ki gen ladan yon varyete teknoloji ponp chofaj, ak fòmasyon 14,000 travayè pou nouvo mache ponp chofaj yo. Apeprè 25 pousan nan travayè yo ki resevwa fòmasyon yo pral soti nan kominote defavorize oswa nan popilasyon priyorite yo.

Konbine avèk efò nou yo nan sektè batiman ak transpò yo, rekiperasyon ekonomi vèt an antye nou an pral kreye 12,400 megawat enèji vèt pou alimante 6 milyon kay, kreye dirèkteman plis pase 50,000 djòb, ak estimile plis pase 29 milya dola nan investisman piblik ak prive, pandan y ap ofri kominote jistis anviwònman ak benefisye tout Nouyòkè yo lè nou garanti avni klima san kabòn nou an.

### *BATI AK RANFÒSE ENFRASTRIKTI NEW YORK LA*

**Redevlopman Midtown West nan Vil New York:** Eta New York depi lontan te dirije kèk nan pwojè macwo-devlopman ki pote plis siksè ak transfòmasyon nan Vil New York, soti nan Vil Battery Park pase nan Roosevelt Island, rive nan transfòmasyon Times Square a. Ane sa a, Gouvènè a te deja anonse [ouvèti Moynihan Train Hall ki evalye a 1.6 milya dola](#), ki se mizajou transpò ak enfrastrikti ki pi anbisyè nan New York depi dè deseni, ak [plan pwolonje High Line nan Moynihan Train Hall](#). An 2021, Eta New York pral bati sou pwogrè sa pou konplete konstwiksyon ak koneksyon Midtown West avèk yon plan devlopman anbisyè ki oryante an vè transpò komen. Plan 51 milya dola a pral kreye 196,000 djòb, nouvo espas ekstèn, lojman abòdab, amelyore transpò piblik ak koneksyon pyeton yo, epi pote opòtinite lojman komèsyal ak abòdab nan katye Manhattan k ap boujonnen an. Plan milti-fasèt la gen ladan:

**Ranplase Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a:** Otorite Pòtyè New York ak New Jersey pral ranplase tèminal demode a avèk yon nouvo etablisman modèm pou pi byen sèvi plis pase yon ka (¼) milyon pasaje chak jou. Pwojè a pa pral sèlman diminye konjesyon nan lari nan vil la ak amelyore kalite lè a, men li pral transfòme transpò piblik an mas pou ale ak pou soti nan Pati Lwès nan Manhattan. Repezantasyon grafik fiti tèminal otobis la yo disponi [isit la](#).

**Devlope Konplèks Empire Station lan:** Avèk Achèvman Moynihan Train Hall la, ki te ouvri pou piblik la nan dat 1 janvyè 2021 an, Eta a pral tounen atansyon li sou Penn Station ki egziste deja a, ki jis lòtbò lari a. Eta a pral kòmanse sou yon pwojè konplè 16 milya dola pou rekonstwi estasyon ki egziste deja a epi ajoute kapasite vwa yo. Lè nou akeri pwopriyete nan sid Penn Station lan, nou ka agrandi konplèks la a 40 pousan plis kapasite tren ak omwen uit lòt vwa soutèren pou diminye sou reta ak amelyore operasyon yo pou plis pase 600,000 pasaje li sèvi chak jou yo. Ou ka jwenn repezantasyon grafik pou rekonstriksyon estasyon ki egziste deja a [isit la](#).

Pwojè transpò siyati a pral kreye prèske 60,000 djòb dirèk, epi Eta New York rete pare pou travay avèk New Jersey Transit (Transpò Piblik nan New Jersey), Amtrak, ak gouvènman federal la pou pataje nan envestisman istorik sa a pou avni reyon an. Transfòmasyon nan Estasyon Penn lan antisipe tou Pwojè Gateway la, ki gen ladan de tinèl pou mennen plis tren atravè Hudson soti nan lwès la ak renovasyon de tinèl ki deja egziste yo, pou yon total kat tinèl tren soti nan New Jersey ak odela.

**Lojman Abòdab ak Restorasyon Kominotè:** Avèk nouvo konplèks transpò a kòm yon poto mitan, devlopman Midtown West la pran gen ladan tou nouvo opòtinite lojman ak opòtinite devlopman komèsyal nan zòn nan. O total, zòn ki travèse depi Broadway rive Hudson nan pral gen ladan jiska 14 batiman ki pral pwodui plis pase 20 milyon pye kare devlopman kote yo ka vann an detay, devlopman komèsyal, ak devlopman rezidansyèl ak bay jiska 1.400 inite lojman abòdab ki nesèsè anpil nan yon transpò piblik, djòb, ak kominote ki rich an ekipman.

**Nouvo Pak Litoral k nan Pier 76:** Sitiye nan lwès Javits Center ak 36th Street, Eta a pral transfòme Pier 76 ki soti nan fouryè remokaj machin NYPD an yon ekspansyon 2.26 ekta nan Hudson River Park. Akoutèm, li ka vin yon bèl espas piblik ki pèmèt aksè vizitè yo aksede litoral la pandan ke Hudson River Park Trust ap devlope plan pou avni alontèm Pier a. W ap jwenn reprezantasyon grafik Pier 76 yo disponib [isit la](#).

**Agrandisman Javits Center la:** Ekspansyon 1.2 milyon pye kare Jacob K. Javits Center a ki evalye a 1.5 milya dola pral fini nan 2021, sa k ap ogmante kapasite sant konvansyon ki pi okipe nan nasyon an a 50 pousan. Ekspansyon an ap gen ladan yon twati paviyon ak teras ekstèn pou 1,500 moun; yon fèm twati ki mezire zwo vigil kat san kat ekta; yon espas pou evènman espesyal ki mezire 54,000 pye kare ak panorama Hudson River; 90,000 pye kare nouvo espas egzibisyon ki pral kreye 500,000 pye kare pou espas egzibisyon vwazen; ak yon etablisman rasanbleman kamyon pou diminye konjesyon ak polisyon.

**Modènize Ayewopò New York yo:**

**Kontinye bati nouvo Ayewopò LaGuardia a:** New York pral kontinye [transfòmasyon istorik 8 milya dola Ayewopò LaGuardia](#). Apre yo resevwa yon dosye pozitif sou desizyon ki soti nan gouvènman federal la, Eta New York pral kontinye travay sou AirTrain LaGuardia ki evalye a 2 milya dola. Anplis de sa, yo pral achemine vas majorite rezo woutè a ane sa a ak make pwogrè siyifikatif nan nouvo tèmininal ak sal datant modèn Delta nan pati lès ayewopò a. Lè li fini, nouvo LaGuardia a pral premye nouvo ayewopò majè ke yo te konstwi Ozetazini depi 1995. Nouvo LaGuardia a pral sèvi plis pase 30 milyon pasaje chak ane epi li pral kreye 14,000 djòb.

**Kontinye transfòmasyon Ayewopò JFK:** Eta New York pral kontinye [plan 13 milya dola pou transfòme Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy a](#) an yon ayewopò modèn ki bati pou 21èm syèk la. Lè li fini, mak nouvo JFK a pral sèvi san danje epi avèk efikasite plis pase 75 milyon pasaje chak ane. Pwojè a prevwa kreye tou prèske 30,000 djòb kòm yon pati nan transfòmasyon Ayewopò JFK, Eta a ap modènize Echanjè Kew

Gardens (Kew Gardens Interchange) la, ki sèvi plis pase 200,000 machin chak jou. Faz final pwojè 700 milyon dola sa a pral fini an 2022.

**Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò an:** Bati sou yon investisman 200 milyon dola atravè Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition) a, Gouvènè a pral angaje yon lòt 100 milyon dola nan dezyèm tou finansman pou renouvèlman ak modènizasyon kontinyèl. Finansman pral gen ladan kontwòl sekirite ranfòse, tèminal elaji ak reyabilite, sal anbakasyon ak zòn konsesyon modèn, ak inovasyon nan teknoloji san kontak.

### **Amelyore Transpò an Mas pou dè milyon Nouyòkè:**

**Faz II nan Ekstansyon Metwo Second Avenue an:** MTA toujou bezwen dezespereman plis finansman federal pou li ka kontinye jwe wòl esansyèl li nan sipòte rejyon an. Sa te di, li angaje nan aplikasyon istorik Plan Kapital 2020-2024 li a ki evalye a 51.5 milya dola. Lè yo fin rezoud ensètitud finansman ki te koze pa COVID-19, MTA pral remete pwogram sa sou ray ak pwojè reparasyon, modènizasyon siyal, ak pwojè aksesibilite ak ADA ki pral pwogrese an 2021 an. Lòt pwojè yo sipòte yo gen ladan estasyon modènize, dè milye nouvo otobis ak machin tren, ak antretyen ak amelyorasyon ki enpòtan pou pon yo, tinèl yo, ak lòt enfrastrikti. Anplis de sa, avèk sipò federal plizyè ane ki nesèsè a, MTA pral pwolonje Metwo Second Avenue an, ki soti nan 96th Street rive nan 125th Street.

**Pwojè Twazyèm Ray LIRR la:** Pwojè twazyèm ray Istorik ak transfòmatif Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) lan pral konplete yon nouvo twazyèm ray sou yon seksyon enpòtan ki evalye a 15.77 km nan Liy Prensipal LIRR la ant Floral Park ak Hicksville pou ogmante kapasite ray la, amelyore fyabilite, ak amelyore sèvis yo yon fason sinifikatif pou kliyan LIRR yo. Pwojè a 2.6 milya dola gen ladan tou konstriksyon garaj pakin adisyonèl, renovasyon estasyon yo, nouvo pon ak pon ki renove, ak enfrastrikti ray ak siyalizasyon modèn. Disi fen 2021 an, MTA pral fin fè tout uit eliminasyon pasaj a nivo yo sou liy prensipal la, sis ladan yo pral gen nouvo pasaj soutèren pou veyikil.

### **Mizajou nan Otowout yo, Wout ak Pon yo:**

**Aksè nan Hunts Point:** Eta New York pral investi 1.7 milya dola pou kreye aksè dirèk pou ale ak soti nan Otowout Bruckner a ak Sheridan Boulevard pou kamyon k ap sèvi Sant Distribisyon Manje Hunts Point lan. Nouvo konsepsyon otowout la ap retire sikilasyon sou otowout lokal yo, k ap diminye yon fason konsiderab alafwa polisyon lè ak bui nan yon awondisman ki gen to maladi opresyon ki wo. Yo programe pou pwojè a an antye fini an otòn 2025.

**Amelyorasyon Echanjè I-390/490 yo:** An 2021, Eta a pral konplete yon pwojè 150 milyon dola pou fasilite aksè ak amelyore sikilasyon trafik sou Route 31, Route 390, ak Echanjè Interstate 390/490 nan Konte Monroe. Echanjè sa a pral sèvi kòm yon koneksyon enpòtan pou prèske 200,000 otomobilis chak jou.

**Rekonstitiye Pon Newburgh-Beacon (Newburgh-Beacon Bridge) lan** Eta a pral kontinye travay sou Pon Newburgh Beacon lan pou konplete yon ranplasman total



plattòm lan sou trave nò pon an sou Hudson River. Rekontitasyon an pral amelyore sekirite woutyè, abilite pou kondwi, ak dirabilite. Envestisman 95 milyon dola sa a pral konplete an 2022, nèt mwa anvan orè a.

**Ranplase Vyadik I-81 Syracuse la:** Eta a pral fè yon revizyon anviwònman ak piblik sou pwopozisyon li an pou ranplase vyadik Interstate 81 an nan Syracuse. Pwojè 1.9 milya dola sa a pral konekte kominote yo ak kreye opòtinite pou nouvo devlopman rezidansyèl ak komèsyal. Yo prevwa pwojè a ap inogire an 2022.

Gouvènè Cuomo te anonse tou pwogrè sou yon kantite mizajou nan enfrastrikti majè atravè Eta New York ki envesti nan kominote yo pou ouvri nouvo espas piblik, atire touris, ak kreye djòb.

**Buffalo Skyway:** Gouvènè Cuomo te inisyè planifikasyon ak konsepsyon nan gwo nivo pou maksimize aksè ak zòn litoral ak libere jiska 18.21 ekta tè pou devlopman atravè eliminasyon Pon Skyway la nan anba lavil Buffalo epi transfòm li an yon pak espektakilè. Eta New York pral konplete pwosesis revizyon anviwònman la ane sa a epi, avèk apwobasyon federal, li pral pare pou inogirasyon ane sa a.

**Konvèsyon Albany Skyway la:** Atravè yon patenarya 11.4 milyon dola avèk Vil Albany, Eta a ap konvèti yon ranp sòti Interstate ki pa itilize ase an yon pak lineyè anblematik ak yon promenad peyizaje, espas pou evènman, ak yon chemen aksesib pou itilizasyon pataje k ap konekte anba lavil Albany ak katye Arbor Hill ak katye Sheridan Hollow yo, distri depo Albany an, ak Corning Riverfront Park la. Konstriksyon an pral fini ane sa a.

**Kanpis Fakilte Medikal Binghamton University lan:** 2021, Binghamton University pral konplete konstriksyon transfòmasyon li an, ki koute 287 milyon dola, ko se Kanpis Fakilte Medikal (Health Sciences Campus) ki evalye a 5.26 eka nan anba lavil Johnson City. Sa gen ladann 108,000 pye kare Lekòl Enfimyè ak Fakilte Medsin Decker (Decker College of Nursing and Health Sciences), ki pral akeyi dè santèn etidyan Prentan sa; yon nouvo lekòl Famasi ak Syans Famasetik ki mezire 105,000 pye kare ki gen plis pase 350 pwofesè, anplwaye, ak etidyan; yon nouvo klinik ansèyman pou granmoun aje an patenarya ak Lopital Lourdes; ak yon etablisman famakolojik R&D. An jeneral, pwojè sa a pral kreye plis pase 225 nouvo djòb epi li te enplike plis pase 200 djòb konstriksyon.

**Nouvo Lopital Sitèm Sante Mohawk Valley a nan Utica:** Ane sa a, travay la pral kontinye nan nouvo lopital modèn Sisèm Mohawk Valley a ki evalye a 548 milyon dola nan anba lavil Utica. Enstalasyon 672,000 pye kare, ki gen nèt etaj, 373 kabann nan prevwa fini an 2023.

**Acheve Arèn Belmont lan:** Redevlopman Belmont Park la ap ranplase 17.40 ekta pakin ki pa itilize ase a an yon arèn ki gen 19,000 plas ki pral fè ekip hockey New York Islanders la tounen lakay li nan Long Island. Arèn nan gen ladan yon vilaj kote yo vann an detay nan nivo klas mondyal, ak yon nouvo otèl. Patnè Arèn New York la ap dirije devlopman 350,000 pye kare, sa ki pote 1.3 milya dola nan envestisman prive nan

etablisman kous cheval ki gen 115 ane a. Pwojè a gen ladan tou renovasyon de pak kominotè ki tou pre, nouvo espas kominotè, ak premye nouvo estasyon tren LIRR la nan 40 ane. Konstriksyon an byen demare, ak achèyman arèn nan ke yo prevwa pou sezon NHL 2021-2022 a; sèvis LIRR nan direksyon lès la ap ouvri an otòn 2021. O total, pwojè sa a pral kreye plis pase 12,000 djòb dirèk ak endirèk pandan tout konstriksyon ak yon fwa ke li acheve.

**Rekonstriksyon Bay Park la:** Eta a deja travay avèk Konte Nassau sou Pwojè Abdiksyon Bay Park (Bay Park Conveyance Project) ki evalye a 439 milyon dola pou diminye polisyon nitwojèn a plis pase 50 pousan epi konekte izin lan nan yon devèswa oseyan ki egziste deja. Envestisman 1.2 milya dola sa a pral lakòz amelyorasyon dramatik nan kalite dlo a pandan l ap anpeche degradasyon rapid nan zile marekaje yo ki ofri yon baryè natirèl pou pwoteksyon kont inondasyon pou rejyon sid Konte Nassau a. Nan 2021, pral gen konstriksyon ki kòmanse sou sistèm ekoulman pwodiksyon Bay Park la. Desen achitekti pwojv Bay Park la disponib [isit la](#).

**ROC Riverway:** Pwojè redevlopman Riverway Rochester a, ki te sipòte pa yon investisman Eta New York ki evalye a 50 milyon dola, pral reyalize plizyè etap enpòtan an 2021 an ak plis pase mwatye pwojè k ap acheve ki gen ladan pwojè Ekspansyon Echanj Blue Cross Arena (Blue Cross Arena Exchange Expansion) ak pwojè inondasyon West River yo, ansanm ak konstriksyon kontinyèl nan restriktirasyon majè nan Charles Carrol Park la.

**LEGOLAND:** Pak atraksyon LEGOLAND 60.70 ekta nan Konte Orange pral ouvri ane sa a. Envestisman 420 milyon dola pral rale touris yo nan New York apre pandemi an epi kreye apeprè 1,000 djòb.

**Nouvo Otèl Mid-Station nan Whiteface:** Whiteface Mountain te rebati yon otèl nan mitan stasyon ki koute 14 milyon dola apre yon dife devastatè an 2019. Nouvo otèl ouvri pou sezon ski 2020-21 ak sèvis limite ke yoo pral acheve ane sa a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)